दिन–सोमवार दिनांक–15.06.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि अछि जे राज्यक सभ प्रखंड मे मॉडल स्कूल खोलल जायत, जतऽ बच्चा सभक लेल गुणवत्तापूर्ण शिक्षा के व्यवस्था होयत। गया के खिजरसराय मे एक कार्यक्रम कें संबोधित करैत ओ कहलनि जे एहि विद्यालय सभ मे शिक्षाक एहेन व्यवस्था रहत जाहि सं बिहार मे कोचिंग संस्थान सभक आवश्यकता नहि पड़त। श्री चौधरी जनौलनि जे अगिला मास प्रधानमंत्री या केन्द्रीय गृहमंत्री द्वारा मुख्यमंत्री महिला रोजगार योजनाक राशि जीविका दीदी लोकनिक मध्य बांटल जायत। एम्हर, गया सँ हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ केंद्रीय सूक्ष्म, लघु एवं मध्यम उद्यम मंत्री जीतनराम मांझी संयुक्त रूप सं खिजरसराय मे प्रौद्योगिकी केंद्रक आधारशिला राखलनि। एक सय सत्तरि करोड़ के लागति सँ बनऽवला एहि केन्द्र मे आर्टिफिशियल इंटेलिजेंस, इंटरनेट ऑफ थिंग्स आ सीएनसी मशीनिंग जकां आधुनिक तकनीक सभ मे युवा लोकनि कें प्रशिक्षित कयल जायत। समारोह मे विधानसभा अध्यक्ष डॉक्टर प्रेम कुमार, राज्य सरकारक मंत्री विजय कुमार सिन्हा, संतोष कुमार सुमन आ श्रेयसी सिंह सहित कतेको गणमान्य लोकनि उपस्थित छलाह।

---

एम्हर, मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आई प्रदेश मे माछक व्यापार कें बढ़ेबाक लेल दू महत्वाकांक्षी योजना के शुरुआत कयलनि। मुख्यमत्री पटनाक मीठापुर स्थित मत्स्य विकास भवन मे राष्ट्रीय मत्स्य विकास बोर्ड (एनएफडीबी) के क्षेत्रीय कार्यालयक शुभारंभ कयलनि। एहि कार्यालय के खुजला सँ प्रदेश मे माछ उत्पादन, प्रसंस्करण आ विपणन के क्षेत्र के नव गति भेटत। ओतहि, मुख्यमंत्री आइ भोजपुर जिलाक वाणासुर मे सेहो प्रधानमंत्री मत्स्य संपदा योजनाक अंतर्गत इंटीग्रेटेड एक्वा पार्कक शिलान्यास कयलनि। एहि पार्क मे प्रदेशक नवीनतम माछ पालन तकनीकक प्रदर्शन कयल जायत।

---

राजस्व आ भूमि सुधार विभाग आइ सँ अभियान बसेरा के दोसर चरणक शुरुआत कलयक अछि। एक्कैस जून धरि चलऽवला एहि अभियानक उद्देश्य प्रदेशक भूमिहीन परिवार लोकनि धरि बसोवास भूमिक अधिकार पहुंचायब आ भूमिहीन परिवार लोकनि कें बंदोबस्ती प्रमाण पत्र निर्गत करब अछि।

———————————————————————

राज्य सरकारक दिस सँ जनकल्याणकारी योजना सभक लाभ अंतिम व्यक्ति धरि पहुंचेबाक उद्देश्य सँ प्रदेशक सभ प्रखंड मे सोलह, सत्रह आ अठारह जून कें सभ प्रखंड मे सहयोग–सह–जन कल्याण शिविर आयोजित कयल जायत। शिविर मे केंद्र आ राज्य सरकारक विभिन्न योजना सँ संबंधित आवेदन, पंजीकरण, सत्यापन, ई–केवाईसी आ लाभ वितरण सुविधा एकहि ठाम उपलब्ध कराओल जायत।

———————————————————————

सुप्रीम कोर्ट पंचायती राज मंत्री दीपक प्रकाशक दोबारा नियुक्ति कें चुनौती देबऽबला याचिका पर बिहार सरकार, दीपक प्रकाश आ निर्वाचन आयोग सं नोटिस जारी कऽ जवाब मांगलक अछि। मुख्य न्यायाधीश सूर्यकांत आ न्यायमूर्ति वी. मोहना के पीठ सामाजिक कार्यकर्ता राकेश कुमार सिंह के याचिका पर सुनवाई करैत ई आदेश देलक। याचिका मे कहल गेल अछि जे दीपक प्रकाश राज्य विधानमंडलक कोनो सदनक सदस्य नहि छथि, एहि लेल हुनक मंत्री पद पर बनल रहब संविधानक अनुच्छेद एक सय चौसठि–चारिक प्रावधान के अनुकूल नहि अछि।

———————————————————————

पटना उच्च न्यायालयक सात न्यायाधीश लोकनि कें आई शपथ दियाओल गेल। पटना उच्च न्यायालय के शताब्दी हॉल मे आयोजित समारोह मे मुख्य न्यायाधीश मीनाक्षी मदन राय सभ नवनियुक्त न्यायाधीश लोकनि कें पद आ गोपनीयता के शपथ दियौलनि। न्यायमूर्ति रंजन कुमार झा, न्यायमूर्ति कुमार मनीष आ न्यायमूर्ति राज कुमार स्थायी न्यायाधीशक रूप मे जखकि न्यायमूर्ति राणा विक्रम सिंह, विकास कुमार, गिरिजेश कुमार आ आलोक कुमार अतिरिक्त न्यायाधीशक रूप मे शपथ लेलनि। सात न्यायाधीशक नियुक्ति के बाद पटना उच्च न्यायालय मे न्यायाधीश लोकनिक संख्या बढ़ि कऽ चौवालीस भऽ गेल अछि।

———————————————————————

राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी–एनटीए स्नातक चिकित्सा पाठ्यक्रम मे नामांकनक लेल नीट–यूजी पुनः परीक्षा के प्रवेश पत्र जारी कऽ देलक अछि। प्रवेश पत्र एनटीए के आधिकारिक वेबसाईट –नीट डॉट एनटीए डॉट एनआईसी डॉट इन सँ डाउनलोड कयल जा सकैत अछि। ई परीक्षा एक्कैस जून के दूपहर दू बजे सँ सांझ पांच बाजि कऽ पंद्रह मिनट धरि होयत।

———————————————————————

मानसूनक सक्रियता सँ पछिला चौबीस घंटाक दरमियान प्रदेशक उत्तर–पूर्वी आ दक्षिण–पूर्वी हिस्सा मे कतेको ठाम बरखा भेल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार कटिहारक प्राणपुर मे सभ सँ बेसी चौरासी दशमलव छओ मिलीमीटर वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे काल्हि राज्यक दक्षिण–पश्चिम हिस्सा कें छोड़ि कऽ शेष भाग मे बर्षा हेबाक संभावना अछि। भागलपुर, कटिहार, किशनगंज आ पूर्णियां जिला मे कतेको ठाम भारी वर्षा के चेतावनी जारी कयल गेल अछि।

———————————————————————

शिवहर जिलाक तरियानी थाना क्षेत्र सँ पुलिस एक युवक के देसी पिस्तौल का दू जिंदा कारतुस के संग गिरफ्तार कयलक अछि।

कैमूर जिलाक मोहनिया थाना क्षेत्र अंतर्गत लहुरबाड़ी बहुअरा स्थित एक आभूषण दोकान सँ अपराधी सभ हथियारक जोर पर पच्चीस लाख टाका मूल्यक गहना लूटि लेलक।

———————————————————————

समाप्त